

Sonje:

Li reprezante yon danje

pou w mete nenpòt bagay sou kabann ti bebe w la tankou lenn an po mouton, nounous, kousen pou fè tèt kabann nan pi wo, zòrye, jwèt pou konsole l, lenn epè oswa kousen ki fèt pou mete arebò bèsò a.

Li reprezante yon danje

pou w fimen bò kot ti bebe w la oswa nan chanm kote li pase tan l.

Li reprezante yon danje

pou kite ti bebe w la dòmi sou yon kabann granmoun, matla van, beanbag, chèz detant, kanape, kabann dlo, oswa nenpòt lòt mèb ki pa fèt pou ti bebe.



Dòmi ak ti
bebe w la
reprezante
yon danje.

Menm si ti bebe w la tete e ou pa fimen, bwè alkòl oswa pran dwòg ak lòt medikaman, **dòmi ak ti bebe w la kanmenm ogmante risk pou li toufe oswa trangle** pandan somèy li.

Sèl fason pou pwoteje ti bebe a epi evite pi gwo risk se pou ou mete li dòmi nan yon bèsò.



Pou plis enfòmasyon ak konsèy sou kijan pou ede ti bebe yo dòmi epi dòmi an sekirite, vizite **PreventChildAbuseFL.org** oswa **eskane kòd QR la**.



SOMÈY SAN
DANJE POU
BEBE A

Ede ou diminye risk pou lanmò ki ka rive nan dòmi

"Plas ki pi an sekirite pou yon ti bebe dòmi poukонт li se nan yon bèsò, nan chanm paran li yo, pandan premye ane a."
-Akademi Pedyatri Ameriken

Gen kèk paran ki panse ke lè yo dòmi ak ti bebe yo, sa pral pwoteje timoun nan pou malè pa rive li, **pandan ke dòmi ak yon ti bebe se yon bagay ki danjre e o kontré sa ogmante risk pou timoun nan mouri.**

Enfòmasyon Enpòtan

Konsidere bagay sa yo anvan ou deside kote ti bebe w la ap dòmi:

- Toufe ak trangle nan yon kabann gramoun se kòz prensipal aksidan ki mennen nan lanmò pou ti bebe ki gen mwens ke en-nan nan eta Florid la.
- Risk lanmò timoun ki gen rapò ak dòmi 40 fwa pi wo pou ti bebe ki dòmi nan kabann gramoun yo konpare ak ti bebe ki dòmi nan bèsò yo.

Pwotej bebe w la lè li ap dòmi.

Pou diminye risk pou lanmò ki ka rive nan dòmi ak toufe epi pwoteje ti bebe w la pandan li dòmi, li enpòtan pou ou:

- Asire ou ke bèsò ti bebe a, kabann li, panye pòtab li san domaj, e ke li reponn a Estanda Consumer Product Safety Commission aktyèl yo (www.cpsc.gov).
- Mete bèsò nòmal, bèsò a woulèt, oswa bèsò pòtab ti bebe a tou pre kabann paran oswa moun kap veye sou li a pandan premye ane nan lavi l.
- Mete ti bebe a kouche sou do. Dòmi sou vant oswa sou kote ogmante risk pou li toufe.
- Di tout moun ki ap pran swen ti bebe a ki fason pou pwoteje l la pandan lap dòmi.
- Asire w ke matla ti bebe a fèm epi byen chita nan kwen bèsò a.
- Asire w ke dra ti bebe a byen kouvri matla a epi itilize sèlman matla ki vini ak bèsò a.
- Asire w ke zòn kote ti bebe a ap dòmi an lwen tout kòd oswa kab ki lach (tankou kòd pou mare, fil elektrik, ak rad).
- Reponn ak kriye ti bebe a pandan nwit lan.
- Evite espoze ti bebe w la a lafimen, alkòl oswa dwòg.
- Ofri ti bebe w la yon sison (pa janm bal yon bibon) lè w mete l kouche pou l dòmi. Ou pa sipoze remete sison an nan bouch ti bebe a si li sòti tonbe pandan lap dòmi. Si ti bebe a pa vle sison an, pa fòse li epi pa janm fè anyen pou fòse l kenbe sison an an plas. Si lap tete, pa itilize yon sison anvan li gen plis ke yon mwa.
- Kenbe tanperati chanm ti bebe a ap dòmi an konfòtab nan nivo tanperati pou yon gramoun ki abiye trè lejè pou evite ti bebe a twò cho.
- Toujou kenbe bibon an lè wap nourti bebe a, paske kite bibon an anplas poukонт li ka lakòz ti bebe a toufe epi pètèt menm mouri.
- Mete amizman ki pann nan kòd pou ti bebe yo lwen li yon fwa li aprann chita.
- Bese matla ti bebe a lè li aprann chita, epi ankò lè li aprann kanpe pou anpeche ti bebe a tonbe sot nan bèsò a.

